BHUKU REKUPA DZIDZISO NEZVEKUPIWA KWEMASIMBA EKUZVITONGA KUMATUNHU (DEVOLUTION)

CHIKAMU CHEPIRI

ZIMBABWE HUMAN RIGHTS ASSOCIATION
ZIMRIGHTS

W/O 3/93
Campaigners for Human Rights

W/O 3/93
Campaigners for Human Rights

BHUKU REKUPA DZIDZISO NEZVEKUPIWA KWEMASIMBA EKUZVITONGA KUMATUNHU (DEVOLUTION)

CHIKAMU CHEPIRI

Copyright © 2020 Zimbabwe Human Rights Association
Bhuku Rekusvika Pakunzwisisa Kupiwa Kwemasimba Ekuzvitonga Kumatunhu Edition 2
Email: publications@zimrights.org.zw
www.zimrights.org.zw

Bhuku rino rakatsikiswa muna Gunyana 2020

Bhuku rino rinogona kutsikiswa zvakare ndokunge zviri mariri zvisina kushandurwa uye kuchiburitswa pachena kuti rakatsikiswa nani.

Kana muchida kupota muchinzwa zvizhinji kubva kune veZimRights nguva nenguva, tinyorerei pa publications@zimrights.org.zw

ZVIRIMUKATI

NHOROONDO	1
1. CHII CHINONZI KUPIWA KWEMASIMBA	
EKUZVITONGA KUMATUNHU	4
2. MHANDO DZEKUWANISWA KWEMASIMBA	
EKUZVITONGA KUMATUNHU	9
3. MAMIRIRO ANENGE AKAITA HURUMENDE	
INE KUPIWA KWEMASIMBA EKUZVITONGA	
KUMATUNHU	17
4. SHANDUKO DZIRIPO	25
5. MIONO YEVEZIMRIGHTS?	31

NHOROONDO

Bhuku rino rakanyorwa kuti ribatsire vanhu mudzinharaunda kuti vanzwisise kukosha uye kuti chii chinonzi kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu (devolution) muZimbabwe pamwe chete nekubatsira vanhu ivava kuti vakurudzire kuzadzikiswa kwekuzvitonga uku mumatunhu muZimbabwe. Bhuku rino rinopa vanhu mudzinharaunda zivo nekuda kwemhando dzekupiwa kwemasimba ekuzvitonga mumatunhu dziri kutevedzwa kune dzimwe nyika kuitira kuti vadzidze kubva kune zvirikuitwa nevamwe asi tisingakanganwe kuti kupiwa kwemasimba ekuzvitonga mumatunhu uku kunosiyana munyika nenyika.

Muchikamu chekutanga, bhuku rino rinotaura pamusoro pekuti chii chinonzi kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu uye rinoburitsa miono yevanhu pamusoro penhau iyi. Rinotsanangudza zvakare kukosha kwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu munyika inenge iine hutongi hwegutsaruzhinji. Rinoenderera mberi richiburitsa miono yevanhu, zvavakasangana nazvo nekuda kwekuti simba rese rinenge riri mumaoko ehurumende uye zvavanotarisira mushure mekunge matunhu apiwa masimba ekuzvitonga.

Muchikamu chepiri, bhuku rino rinoongorora mhando dzekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu dziri kutevedzwa kunyika dzeUnited Kingdom, Uganda, Kenya, South Africa neSwitzerland. Rinoenderera mberi richiburitsa hwaro hunogona kutevedzwa muZimbabwe mukupa simba rekuzvitonga kumatunhu richiburitsa zviri mubumbiro remitemo izvo zvakaita kuti pave nenhaurwa yekuti matunhu apiwe masimba ekuzvitonga muZimbabwe.

Muchikamu chetatu, bhuku rino rinoonesa kuti hurumende inotevedza kupiwa kwemasimba ekuzvitonga mumatunhu inenge yakamira sei muZimbabwe. Bhuku rino rinoongorora zvakare gwaro rekuvandudzwa kwebumbiro remitemo reConstitution Amendment Bill No.2 iro riri pamusoro pekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu uye rinoburitsa pfungwa dzevanhu mudzinharaunda takanangana nekupiwa kwemasimba ekuzvitonga mumatunhu uku sekutarwa kwazvakaitwa mugwaro rekuvandudzwa kwemutemo iri.

Muchikamu chechina, bhuku rino rinoongorora matanho atorwa kusvika parizvino ekuti muZimbabwe muve nekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu. Munoongororwa zvakare patimire kana kuti zvisati zvazadzikiswa takatarisana nenyaya iyi.

Muchikamu chekupedzisira, bhuku rino rinoburitsa zvikumbiro zveveZimRights vakamiririra miono ine vanhu mudzinharaunda uye zvavanotarisira mukuzadzikiswa kwekupiwa kwemasimba kumatunhu ekuzvitonga.

Bhuku rino rakanyorwa kuti ribatsire vanhu mudzinharaunda kuti vanzwisise kukosha uye kuti chii chinonzi kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu (devolution) muZimbabwe pamwe chete nekubatsira vanhu ivava kuti vakurudzire kuzadzikiswa kwekuzvitonga uku mumatunhu muZimbabwe.

blackboard pencil
blade rubber
book ruler
Chair text book
chalk

1. CHII CHINONZI KUPIWA KWEMASIMBA EKUZVITONGA KUMATUNHU (DEVOLUTION)?

Uku kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu, mapurovhinzi kana makanzuru kuchibviswa chimiro chekuti zvese zvingaitwe munyika zvinenge zvakamirira kuti zviitwe nehurumende iyo inenge ichitonga kubva kuguta guru renyika ichiraira nzvimbo dzese zvekuita. Matunhu anenge apiwa simba rekuzvitonga ava nesimba rekuronga zvebudiriro nekugadzirisa zvinenge zvichivatambudza munharaunda yavo izvo zvinoita kuti vasamirire kuitirwa zvese nehurumende huru yenyika.

Miono yevanhu takanangana nekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu

- 'Uku kutapudzwa kwemasimba ehurumende achiendeswa kumapurovhinzi.'
- 'Inzira yekupa simba rekuronga mitemo yekutevedza mudzinharaunda kumatunhu, makanzuru nemapurovhinzi.'
- 'Kubviswa kwekuitwa kwezvinhu zvese nehurumende zvinosanganisira kuumba zvirongwa zvebudiriro, kushandiswa kwezviwanikwa uye kufambiswa kwezve hupfumi zvichiendeswa mumaoko emakanzuru ayo anenge akushanda akazvimiririra kubva kuhurumende achitevedzera migamu yenzvimbo yaanenge akatarirwa kuti ndipo panogumira simba rawo mukushanda kwaanenge achiita.'

- ‘Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu hwaro huchiri kuenderera mberi muno munyika yeZimbabwe uho huripo mukugadzirisa zvido zvevanhu uye hwaro uhu hunofanirwa kuunza shanduko mune zvematongerwo enyika uye kufambiswa kwezvehupfumi munyika.’
- ‘Uku kupiwa kwesimba kumatunhu nemakanzuru vachikwanisa kubva varongawo mamiriro ezvehupfumi mudzinharaunda dzavo uye mafambisirwo ezviwanikwa zviri munharaunda idzi.’

NEKUDA KWEI PACHISUNGIRWA KUNGE PAINE KUPIWA KWEMASIMBA EKUZVITONGA KUMATUNHU?

Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu hwaro huchiri kuenderera uho huripo mukugadzirisa zvido zvevanhu uye hwaro uhu hunofanirwa kuunza shanduko mune zvematongerwo enyika uye kufambiswa kwezvehupfumi muZimbabwe.

- Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunofanirwa kuita kuti pave nehutongi hwegutsaruzhinji kuburikidza nekuita kuti vanhu vave nechekuita muzvirongwa zvese zvine chekuita nekufambiswa kwezvinhu munyika. Vanhu vanenge vakukwanisawo kuva nezwi muzvirongwa zvese zvine chekuita nekurarama kwavo. Hutungamiriri hwegutsaruzhinji hunotara kuti zvirongwa zvebudiriro nemaitirwe ezvinhu mudzinharaunda zvinofanirwa kuitwa ne avo vanenge vakavhoterwa nevanhu

kupinda pazvigaro mudzinharaunda idzodzi sezvo vari ivo vanenge vachinyatsoziva zviri kudiwa kana kutarisirwa nevanhu ava.

Miono yevanhu mudzinharaunda

- 'Ndiri kuZhombe uye kune goridhe rakawanda asi mari irikubva mugoridhe iri irikushandiswa kusimudzira dzimwe nzvimbo iyo Zhombe isina migwagwa yakanaka, madhamu uye zvikoro zvayo zviri muchimiro chisingafadze.'
- 'Tine migodhi yakawanda yegoridhe mupurovhinzi yedu asi hatione kunaka kwekuve nemigodhi iyi upurovhinzi ino, tine kodzero yekupawo pfungwa dzekuti goridhe redu kuno rishandiswe kusimudzira nzvimbo yedu, asi parizvino goridhe redu ririkushandiswa kuvandudza dzimwewo nzvimbo – izvi zvinofanirwa kugadziriswa.'
- 'Hwaro hwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu hunofanirwa kuona kuvepo kwekugovewa kwehupfumi hwenyika zvakaenzanirana uye kuona vanhu vachikwanisa kuve nezwi mune zvirongwa zvine chekuita nenzvimbo dzavanogara. Panosungirwa kusimudzirwa nzvimbo dzambenge dzichingoregerwa dzakadaro.'
- 'Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunobatsira mukuvepo nekuchengetedzwa kwerunyararo. Izvi zvinobatsira zvakare mukuve nemapurisa anenge achitinzwisisa sezvo anenge achibva munharaunda dzatiri kwete kunyadziswa

semuenzaniso nemapurisa anenge asingagone mutauro watinenge tichitaura nekuda kwekuti vanenge vabva kune rimwe dunhu rine mutauro waro wakasiyana newedu.'

- 'Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunorerutsa zvakare hupenyu hwevanhu pakuti mahofisi akaita seye kwamudzviti anounzwa pedyo nevanhu. Kushanda kweparamende kunogona zvakare kungoitwa zvichibva kune imwe purovhinzi.'
- 'Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunofanirwa kuunza kuitwa kwezvinhu kwakatwasuka uye kurongwa kwehwaro hwekutevedza kune tsarukano. Hwaro hwekutevedza hunogona kuumbwa hwozadzikiswa huine zvinobatika zvaunounza mune zvinenge zvichitarisirwa nevanhu muZimbabwe. Semuenzaniso vanhu vekuEastern Highlands vanogona kuumba hwaro hunosimbisa kukosha kwekurima pakuru (muma plantation) zvirimwa zvinobvuma munzvimbo dzakakwirira uye kucherwa kwengoda takanangana nehupfumi hwenzvimbo iyi, apawo vari kuMatabeleland South vanogona kuumba hwaro hwekutevedza hunobatsira zvehupfumi hwavo kuburikidza nekuzvirimira uye kuchengeta zvipfuyo.'
- 'Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunokurudzira kuumbwa kwehwaro hwekutevedzera hwakanaka. Kuvepo kwehwaro kwekutevedza mukurongwa kwemashandisirwo emari nekuvewo



nechekuita mukuvepo kwehurongwa uhu kunopa kuti vatungamiriri mumatunhu nemakanzuru vashande zvakanaka uye vadzidze kubva kune hwaro hunenge huchishandiswa nevamwewo kumwe.'

2. MHANDO DZEKUWANISWA KWEMASIMBA EKUZVITONGA KUMATUNHU

2.1. KuUnited Kingdom

KuUnited Kingdom, kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu uku kunoitwa zviri pamutemo uye kuchipa simba kuParliament of the United Kingdom, Scottish Parliament, Welsh Parliament, ne London Assembly uyewo nekudzihurumende dzine maparamende aya dzinoti hurumende yeScotland, hurumende yeWales, Northern Ireland Executive uye kuEngland, Greater London Authority nemamwe makanzuru eko. Mutsauko uripo mukupiwa kwemasimba kumatunhu uri pakati pemasimba anenge aonekwa kuti akakodzera kupiwa kumatunhu nemasimba anosara ari kuhurumende. Masimba ekuzvitonga anenge apiwa kumatunhu ndeayo anenge abviswa mumaoko eparamende yekuUK achiendeswa mumaoko evatungamiriri mumatunhu. Kozotiwo masimba anosara ari mumaoko eparamende. Kunozoitawo mamwe masimba ekuti anodyidzana pakati pematunhu nehurumende yekuUK.[1] Semuenzaniso zvezvehutano nekubatsirwa kwevanhu munyika zvakaiswa mumaoko evatungamiri mumatunhu zvichireva kuti vatungamiri vakavhoterwa vari kuWales, Northern Ireland neScotland vanogona kuve nezvirongwa zvavo kana hwaro hwekutevedza vasingadi mvumo kubva kuparamende yeUK. Zvakadaro kana yave nyaya yekuchengetedzeka kwevanhu, vese vanoenda kuparamende yeUK kunove ndiko kune masimba ane chekuita nekuchengetedzeka kwevanhu. Zvoreva kuti hurumende yeUK ine simba pamusoro

1. Onai, https://assets.publishing.service.gov.uk/government/uploads/system/uploads/attachment_data/file/770300/IntroductionToDevolution.pdf accessed 12 March 2020

pekuchengetedzeka kwenyika, mitemo ine chekuita nekudyidzana kwavo nedzimwe nyika dzekunze, kuuya kwevanhu vekunze kuzogara muUK uye kupiwa kwevanhu mapepa ekuti vave vagari veko. Zvakadaro hurumende dzeuku idzi dzinoshanda pamwe chete pasi pechibvumirano che**Memorandum of Understanding (MoU)** ne**Joint Ministerial Committees (JMC)**. Umu munoburitswa zvizere hukama huripo pakati pehurumende yekuUK nemamwe matunhu ese ayo akapiwa simba rekuzvitonga. Chibvumirano ichi chinosimbisa kukosha kwekuvepo kwekunzwanana, kubatsirana nekushandidzana.

2.2. KuEast Africa

KuEast Africa, kunyangwe zvazvo Uganda iine hutongi hwekuti zvese zvinoitwa zvinotungamirirwa nehurumende, ine hwaro hunopa simba kumakanzuru rekutungamira muzvirongwa zvavo.[2] Kutapudzwa kwemasimba achibva kuhurumende kuenda kumatunhu kwakatanga muna 1986 kuUganda chinangwa chiri chekukurudzira vanhu kuti vave nechekuita mune zvirongwa zvekufambiswa kwezvinhu munyika yeUganda uye kuti pave nekuyanana pakati pevatungamiri nevanhu. Naizvozvo, mukufamba kuri kuita nguva, Uganda yakwanisa kubvisa simba rakati kuti rekuzvitonga kubva kuhurumende richiendeswa kumakanzuru pasi pebumbiro remitemo reUganda ra1995 uye mutemo wezvemakanzuru wa1997 weLocal Government Act uyo unotsanangudza kupatsanurwa kwemasimba mukupiwa kwemasimba kumatunhu ekuzvitonga anoti ma county, sub-county, parish uye mumaruwa, uye muchiburitswa kusununguka kwematunhu nemakanzuru mukutungamira nharaunda dzavo mune zvematongerwo enyika nemune zvehupfumi.[3] Zvoreva kuti chikamu

2. *https://www.jica.go.jp/jica-ri/IFIC_and_JBICI-Studies/english/publications/reports/study/topical/africa/pdf/003.pdf* accessed 13 March 2020
3. *https://researchspace.ukzn.ac.za/handle/10413/1810* accessed 13 March 2020

chekumusoro chehurumende chine matunhu zana ane gumi neimwe (111) nekanzuru yeguta guru imwechete pasi pachiteerwa nemakanzuru ehurumende ane zana nemakuni manonwe neina (174) nemakanzuru makumi maviri nembiri (22).

Makanzuru emumatunhu aya anotungamirirwa nevanhu vakasarudzwa musarudzo uye vanozvidavirira kuvanhu uye vane simba pamusoro pemitemo ingatevedzwe mudzinharaunda dzavanotungamirira idzi. Chikamu chemaAdministrative Unit Councils chiripo pakupa mazano kumatunhu nemakanzuru aya mukuzadzikisa mabasa avanotarisirwa kuita.

Matunhu ane basa rekuita mukubatsira vanhu mukugara kwavo. Ane basa guru mukuzadzikisa zvese zvaimbove zviri mumaoko ehurumende.[4] Kuwaniswa kwedzidzo, rubatsiro rwezvehutano, mvura, kutakurwa kwemarara nekugadzirwa kwemigwagwa yekumaruwa zvakabviswa mumaoko ehurumende zvichiendeswa kumatunhu nemakunzuru.

2.3. KuKenya

KuKenya, bumbiro remutemo ravo ra2010 rakaunza shanduko munyika iyi sezvo rakatapudza simba kubva kuhurumende richiendeswa kumatunhu makumi mana nesere (47 counties). Pakabva pagadziriswa zvakare masimba aripo pakati pehutungamiri, vamiriri muparamende nevatongi kumatare.[5] Sezvazviri muZimbabwe, kuvepo kwekupiwa kwemasimba kumatunhu ekuzvitonga kwakavepo nekuda kwekuti vanhu vaida kuwana rubatsiro rwuri pedyo navo.

4. See, *https://www.oecd.org/regional/regional-policy/profile-Uganda.pdf* accessed 13 March 2020
5. *https://www.usaid.gov/documents/1860/devolution-kenya* accessed 13 March 2020

kwemasimba kumatunhu uku kwakaonekwa kuti ndiko kwega kwaikwanisa kuti hupfumi hweKenya huvandudzike,[6] nekudaro Kenya ine kupatsanurwa kwemasimba ehurumende apo zvikamu zviviri zvehurumende kubva muzvitatu, zvinova vamiriri muparamende nehutungamiri hwenyika zvakapatsanurwa kuiswa mumatunhu ane simba rekuzvitonga makumi mana nesere. Matunhu aya akatanga kushanda mugore ra2013. Izvi zvakaona kusiiwa kwekuiswa kwezvinhu zvese mumaoko ehurumende yeKenya chinova chimiro change chiripo kubva pawana nyika iyi kuzvitonga kuzere. Pakamisikidzwa mapoka nehwaro hwekutevedza hunobatsira kushanda zvakanaka kwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu. Izvi zvaita kuti kuKenya kuve mehutongi hwegutsaruzhinji kuburikidza nekuvepo kwemagavhuna anotungamirira matunhu awo nenzira dzaanoona dzakakodzera. Zvakadaro izvi zvazounzawo dambudziko rekuti marudzi anenge oda kungozvimiririra pahukama hwavo munzvimbo dzavo chinova chinhu icho Zimbabwe inofanirwa kudzidza kubva machiri apo hurongwa hwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu hunenge huchiparurwa.

2.4. KuSouth Africa

KuSouth Africa, kuvepo kwematunhu nemakanzuru zvinobva mune zvakatarwa mubumbiro remitemo. Kanzuru imwe neimwe ine simba rekutonga yakazvimirira munharaunda yayo asi ichitevedza mitemo yakatarwa munyika sezvazvinenge zviri mubumbiro remitemo; uye hurumende kana hutungamiri hwemapurovhinzi haukwanise kumbunyikidza basa rekanzuru mukuita zvainenge ichiona zvakakodzera kuita munzvimbo yayo.

6. Devolution in Kenya: The Good, the Bad and the Ugly accessed 13 March 2020

Nekudaro makanzuru ari muSouth Africa ane kusununguka mukushanda kwawo zvichienzaniswa nevamwe vavo kuKenya kana Uganda. Mutsauko mukuru uripo uri pakudyidzana kwehurumende nemakanzuru aya mukuita basa rawo.[7]

2.5. KuSwitzerland

Switzerland inyika yatingati yemubatanidzwa wetwunyika twakati wandei (Confederacy) inovewo iri yekutanga pasi rese isina kwainoti yakarerekera mudzihondo kana kukakavadzana kwenyika huru dzepasi rose. Nyika iyi ine nhoroondo nenhaka yekuve nehwaro hwekupatsanurwa kwemasimba ekuzvitonga hunova hwekutanga pasi rese hune kuenzaniswa kwenyika dzirimo vachichengetedza hutongi hwekugutsaruzhinji. Izvi zvinogoneka kuburikidza nekukoshesa kwainoita kupa vanhu mukana wekuti vavhote muma referendum pamusoro pepfungwa kana hwaro hwese hunenge huchida kurongwa kuti huzotevedzwa kuvandudza nyika iyoyi. Switzerland, iyo ine vanhu chikamu chimwechete kubva muzana (1%) chevanhu vari pasi rese ine mbiri yekuita mavhoti ema referendum anosvika iwo chikamu che 60% che mavhoti ese emhando iyoyi ati akaitwa kubva mugore ra 1900 kusvika 1999 pasi rese. Switzerland yakaona kuti kana yaida kuti kutonga kwakanaka kugamuchirike muvanhu, vanhu ngavawaniswe simba rekugona kukomekedza hurumende yavo ironge vhoti yereferendum maringe nechipi zvacho chine chekuita nehutungamiriri hwegutsaruzhinji mumakore maviri ega ega. Zvisinei chinongodiwa ndokunge paine vanhu vanosvika 100 000 vanenge vakwenya siginicha pagwaro rekukomekedza hurumende kuti vanoda referendum iyoyi iitwe. Mukuona kuti

7. See, *https://repository.up.ac.za/bitstream/handle/2263/58089/Ababio_Decentralisation_2013.pdf?sequence=1&isAllowed=y* accessed 14 March 2020

gutsaruzhinji rawanikwa mumatunhu pachokwadi huye kuti hutungamiriri huripedyo pedyo nevanhu, nyika iyi yakanyatsopatsanurwa kuita avanoti ma minisparati (municipality), nema canton anova tunyika twunosvika 26 twakazvimirira, utwo twunozochizoumba iyo nyika yacho huru inoziikanwa se confederacy. Hakuna dunhu kana kanyika kanesimba kupfuura vamwe pakuzoumbwa kunoitwa iyo nyika yacho huru yabatanidza matunhu ese eSwitzerland. Hurumende nehutungamiriri hwenyika iyi ndezvemubatanidzwa, zvinosungirwa kumiririra nyika yacho yese nevagari vese vemumatunhu akasiyana imomo pasina rusarura. Nyika iyi muenzaniso wakanaka pasi rese wekuti kupiwa kwesimba rekuzvitonga kumatunhu kunobatsira zvakadii mukuunza kuenzaniswa kwevanhu, hutongi hwejekerere uye kukwanisa kwevanhu kuve nechekuita munhau dzekuti kuve nerunyararo nguva dzose.[8]

2.6. MuZimbabwe

MuZimbabwe, bumbiro rinotara kuti zvikamu zvitatu zvemamiriro ehurumende yemuZimbabwe zvinoti hurumende yenyika yose, mapurovhinzi nemakanzuru emaguta makuru, kozoti makanzuru emaguta madiki nekumaruwa. Pamusoro pazvo kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu chimwe chezvinhu zvakakosha zviri mubumbiro remitemo. Nekudaro, pese pazvinenge zvakakodzera masimba ehurumende anofanirwa kutapudzwa achigoverwa kumatunhu nemakanzuru makuru uye madiki ayo anenge achikwanisa kuita basa raanenge atarirwa kuita sezviri muchikamu 264 chemubumbiro remitemo weZimbabwe.

8. Galtung, J. Transcend and Transform, 2004:67

Chinangwa chekutapudzwa kwesimba rehurumende richiendeswa kumatunhu ndechekuti vanhu vakawanda vakwanise kuva nezwi mukati mezvirongwa zvebudiriro zvinenge zviripo uye kuti mapurovhinzi nemaguta makuru uye makanzuru ave nekufambiswa uye kuwanikwa kwedzimari dzinovabatsira kwakatsarukana.[9] Naizvozvo Zimbabwe yakapatsanurwa kuiswa mumapurovhinzi gumi anoti Bulawayo Metropolitan Province, Harare Metropolitan Province, Manicaland Province, Mashonaland Central Province, Mashonaland East Province, Mashonaland West Province, Masvingo Province, Matabeleland North Province, Matabeleland South Province neMidlands Province. Zimbabwe yakapatsanurwa zvakare kuiswa mumatunhu akatarwa neparamende ichishandidzana neve Zimbabwe Electoral Commission. Parizvino kune matunhu makumi mashanu nemapfumbamwe (59) nemawadhi churu chimwechete nemazana maviri (1200).

Kuvepo kwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu hachisi chinhu chitsva muZimbabwe. Mugore ra1988 hurumende yakaumba komiti yemakurukota aiona nezvekugovewa kwemasimba ehurumende uye hurumende yakabvumirana pamusoro pezviga gumi nenhatu zvekutevedza mukugovewa kwemasimba ehurumende uku.[10] Zvakadaro zviga izvi zvakange zvisina kunyatsokwenenzverwa uye nekuda kwekuti zvaingove hwaro hwekutevedza (policy), zvisiri mutemo, hazvina kuzozadzikiswa izvo zvinoita kuti Chikamu 14 chebumbiro remutemo chive chakakosha zvikuru.

9. Onai Section 264 (2)
10. Onai, Chigwata, 2018

3. MAMIRIRO ANENGE AKAITA HURUMENDE INE KUPIWA KWEMASIMBA EKUZVITONGA KUMATUNHU

Kunze kwemakanzuru agara aripo nechekare kupatsanurwa kwemasimba emashandiro ehurumende kuchaona simba rehurumende sezviri muchikamu 264 richipatsanurwa pakati pehurumende nemapurovhinzi uye makanzuru nemaguta makuru sezvinotevera;-

3.1. Makanzuru emumapurovhinzi (Provincial Councils)

Anenge achitungamirirwa nasachigaro anenge aita zvekusarudzwa kubva pavanhu vaviri vanenge vaine zvikodzerwa uye vachibva kubato rezvematongerwo enyika rinenge riine vanhu vakawanda vakakunda musarudzo dzinenge dzakaitwa mupurovhinzi iyoyo kuti vazove vamiriri vevanhu muparamende.[11] Sachigaro uyu anenge achishanda nemaseneta anenge akasarudzwa mupurovhinzi make, koti vakuru vaviri vemaseneta aya, mutungamiri nemutevedzeri wake wekanzuru yemadzishe (National Council of Chiefs) mupurovinzi iyi; nhengo dzese dzeparamende dzemupurovhinzi iyi, vanhukadzi vese vanenge vari nhengo dzeparamende, mameya nemasachigaro emakanzuru emumaguta nemumaruwa nevanhu gumi vanenge vakasarudzwa kuti vamiririre zvikwata zvevanhu zvakasiyana siyana.

11. Onai Section 272 of the Constitution

Fig 1: Mamiriro emakanzuru emumapurovhinzi (Provincial Councils)



3.2. Makanzuru emaguta (Metropolitan Councils)

Makanzuru emaguta (Metropolitan Councils) anoti eHarare neBulawayo ane maMeya emaguta aya ayo anova masachigaro emaKanzuru, uye meya kana sachigaro weguta repiri mukukura mupurovhinzi imwe neimwe, anova mutevedzeri wasachigaro weguta guru reHarare, nhengo dzese dzeparamende idzo dzine nzvimbo dzavanomirira dzinenge dziri mupurovhinzi irikutaurwa nezvayo, vanhukadzi vanenge vari nhengo dzeparamende vachibva mupurovhinzi yakatarwa, masenata anenge akasarudzwa kubva mupurovhinzi iyoyo uye mameya nevatevedzeri vavo uye anova mutevedzeri wasachigaro, kuchitevedzwa madevedzerwo avanoitwa mumatunhu ese anenge ari muguta kana purovhinzi inenge yakatarwa.

Fig 2: Mamiriro ekanzuru yemuguta (Metropolitan Council)



Nyatsopabatai kuti maringe nezvirikutsvaga kushandirwa mubumbiro remutemo wenyika, mamiriro ema provincial nema metropolitan councils anogona kushanduka. Izvi zvinogona kudaro kuburidikidza nekubviswa kwenhengo dzeparamende mumakanzuru emapurovhinzi, kubatanidzwa kwezvimwe mukushanda kwemakanzuru emapurovhinzi nemaguta makuru munyika zvikurusei apo makanzuru emaguta makuru munyika anenge asisatungamirirwe nemameya asi nemunhu anenga avhoterwa kuti ave pachinzvimbo ichochi. Nheyo yemaumbirwo emaCouncils iwaya inofanira kunge ichitaurawo nezve kusarudzwa kwevanhu gumi vanova nhengo dzekanzuru yeguta iri kuchishandiswa kuwanda kwezvigaro kumapato ezvematongerwo enyika anenga akavhoterwa kuve muguta iri. Sezvo shanduko idzi dzisati dzave mutemo, tichatevedza

zvirimo mubumbiro remitemo iyezvino uye tichazogadzirisa munoda kugadziriswa kana shanduko idzi dzikazozadzikiswa . Zvakadaro, pasi pane muonero wedu takatarisana neshanduko dziri kuda kuitwa idzi mubumbiro remitemo chinangwa chiri chekuti vanhu vave vanoziva nezvazvo.

Shanduko dziri kuda kuitwa mubumbiro remitemo idzi dzichaona kubviswa kwezvikamu 268 ne 269 zvemubumbiro iri izvo zvinoburitsa mitsauko yemashandiro emakanzuru nemapurovhinzi nemaguta makuru munyika. Shanduko idzi dzichasimbisa zvatanyora pamusoro uye makanzuru emapurovhinzi nemaguta makuru munyika anenge ave nechimiro chakafanana.

Pamusoro pazvo

- Mameya anenge asisangogadzwe kuva masachigaro emakanzuru asi kuti anenge ave kutovhoterwawo nenhengo dzekanzuru.
- Maseneta, vatungamiri vemaseneta, avo vanenge vakasarudzwa mupurovhinzi, mutungamiri nemutevedzeri wake vekanzuru yemadzishe yeNational Council of Chiefs nenhengo dzese dzeparamende dzinenge dziri mupurovhinzi iyi vanenge vasisiri nhengo dzemakanzuru anotungamira mapurovhinzi avo nemakanzuru emaguta makuru munyika.

Shanduko dzinovepo mukugadziriswa kwemutemo

Shanduko dzirikutasiriswa dzinotaridza kuva dzakanaka tichitevera shanduko dziri pasi apa idzi:

- **Kukurudzira kureruka kwekuitwa kwezvinhu** uye kuderedza kureba kwematanho anotorwa mukuitwa kwezvinhu kuburikidza nekuderedza huwandu hwevanhu vanenge vari mumakanzuru emapurovhinzi nemaguta makuru munyika sezvo munenge musisina nhengo dzeparamende;
- **Kuunza hutongi kuvanhu** – Kuvepo kwemadzishe nevamiriri venzvimbo muparamende kwainge kusina kukodzera sezvo vachimirira hurumende. Kuve nenhengo shoma mumakanzuru emapurovhinzi nemaguta makuru munyika kunofambidzana nekuzadzikiswa kwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga zvizere kumatunhu;
- **Kubviswa kwezvinhu zvisina kutsarukana** – Parizvino bumbiro remitemo rine kuzvipokana rega sezvo nhengo dzeparamende dzichisungirwa kunge dziri nhengo dzemakanzuru emapurovhinzi nemaguta makuru munyika [(s268 (e) ne (f) ne s269 (e) uye (f)] asi munguva imwechete, s129 (g) ichiti kana nhengo yeparamende yabvuma kushanda muhurumende kana kushanda iri muhofisi ipi zvayo yekanzuru yepurovhinzi kana guta guru munyika, inofanirwa kubva yarasikirwa nechigaro chayo senhengo yeparamende. Nekudaro, shanduko dziri kuitwa mubumbiro idzi dzichagadzirisa chimiro ichi.

Hapana kubvumirana kuti shanduko mubumbiro idzi dzakakodzera here kana kuti kwete uye kuti nguva yacho yekuzviita yakakodzera here. Nyangwe zviri pamusoro izvi zvichikurudzikirika, ZimRights, semamwewo masangano akazvimiririra, haibvumirane nekungoshandurwa shandurwa kwebumbiro remitemo.

Miono yevanhu

- Vanhu vakaratidza kusafara nekuda kwekuitwa kweshanduko mubumbiro remitemo risati rapedza kuzadzikiswa zviri mariri izvo vakati zvinopokana nekutevedzwa kwebumbiro remitemo nemazvo.
- "Bumbiro remitemo harisungirwe kuve neshanduko dzinoitwa mariri chinangwa chiri chekuda kupfidzisana mune zvematongerwo enyika, asi kuti bumbiro rinofanirwa kuchengetedza varombo neavo vasingakosheswe munyika."
- "Bumbiro remitemo rakanaka riri sezvariri. Rinongoda kuzadzikiswa nemazvo chete. Hakuna bumbiro remitemo ringanzi rakanaka mune zvese pasi rese asi ngatizorigadzirise tatanga tamborizadzikisa. Tinozoona patinenge tichifanirwa kugadzirisa."
- "Kugadziriswa kwebumbiro remitemo takanangana nekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kwakakodzera zvisinei nekuti zvaitwa iyezvino kana kuti munguva inotevera."
- Nyangwe zvazvo kugadziriswa kwebumbiro remitemo takanangana nekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kwakanaka, zvizhinji zvezviri kunzi zvigadziriswe zvinongobatsira vari mune zvematongerwo enyika chete .
- Hapana kubvumiranwa pamusoro pekuti nhengo dzeparamende dzinofanirwa kuvawo nechekuita here nemakanzuru emapurovhinzi kana kuti vanofanirwa

kungovepo kuti vape mazano. Vamwewo vaive nemuono wekuti nhengo dzeparamende dzinofanirwa kusava nechekuita nekutungamirirwa kwematunhu nemakanzuru .

Shanduko dziri kuda kuitwa mubumbiro remitemo idzi dzichaona kubviswa kwezvikamu 268 ne 269 zvemubumbiro iri izvo zvinoburitsa mitsauko yemashandiro emakanzuru nemapurovhinzi nemaguta makuru munyika.

4. SHANDUKO DZIRIPO

Zvisinei nezvakatarwa mubumbiro remitemo, pakati pemakore anoti 2013 kusvika 2018 hurumende yeZimbabwe haina rubatsiro runobatika rwayakaisa muzvirongwa zvine chekuita nekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu. Nekudaro, kuzvitonga mumapurovhinzi nemumakanzuru emaguta makuru kwarehwa pamusoro hakusati kwavepo muZimbabwe.

Zvakadaro musi wa5 Gumiguru 2018, hurumende yakaumba hwaro hwezvekuvandudzwa kwezvehupfumi uho hwakatumidzwa kuti **Transitional Stabilisation Programme and Reforms Agenda** (TSP) uho hunotaura nezvekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu, zvinotarisirwa kuitwa nemapazi ese ehurumende kuzadzikisa izvi pamwewo nekushanda kwezviwanikwa takanangana nekuti mapurovhinzi ave nechekuita nezvekuvandudzwa kwehupfumi.[12] Izvi zvakaita kuti makanzuru apiwe mari inoita US$310 million muhurongwa hwekufambiswa kwemari hwa2019 sechikamu chishanu kubva muzana chemari dzinosungirwa kupiwa makanzuru nematunhu gore negore uye izvi zvichaenderera mberi muhurongwa hwekushandiswa kwemari hwegore ra2020 umo mapurovhinzi anotarisirwa kuve nezvirongwa zvekuvandudzwa kwehupfumi vachishandisa zviwanikwa zvavainazvo munharaunda dzavo uyewo hurongwa hwekushandiswa kwemari hwenyika hwese huripo pakubatsira mukuzadzikiswa kweizvi. Mari idzi dzakagovewa sezviri papeji inotevera;-[13]

12. Onai *https://zimlii.org/content/devolution-demystified-emerging-debates-and-prospects-devolution-zimbabwe-discussion-paper*
13. *http://www.newsdzezimbabwe.co.uk/2020/05/govt-disburses-35m-to-yet-to-be-sworn.html?m=1*

Purovhinzi	Makanzuru	Mari yeTSP FUND yakapiwa (ZWL)
Bulawayo	10	$35,000
Harare	10	$35,000
Manicaland	10	$35,000
Mashonaland Central	10	$35,000
Mashonaland East	10	$35,000
Mashonaland West	10	$35,000
Masvingo	10	$35,000
Matabeleland North	10	$35,000
Matabeleland South	10	$35,000
Midlands	10	$35,000

Pane nyaya ndepekuti sezvo kusati kwave nemakanzuru emapurovhinzi nemaguta makuru, mari idzi dzinenge dzichiongororwa mashandiro adzo nani uye dzichiendeswa kupi? Zvinofungidzirwa kuti mari idzi dzakashandiswa mune zvimwe zvinhu munzvimbo idzi izvo zvisina kunyatsojeka uye chimiro ichi hachidiwe zvachose.

Miono yevanhu

- 'Kunyangwe zvazvo tichigere kuona masimba ekuzvitonga achipiwa kumatunhu, mari dziripo dzakatopiwa kuti dzishandiswe pasi pechirongwa chekupiwa kwemasimba kumatunhu ichi. Panofanirwa kuve nehwaro hwekutevedza kuchionekwa kuti mari idzi dzakagovewa nenzira ipi uye dzikashandiswei.'

Mioni yevanhu

- 'Izvi zvinotivhiringidza nekuti sevanhu tinongonzwa kuti mari dzekuti pave nekuzvitonga mumatunhu dzakagovewa asi hapana hwaro hwakamiswa hwekufambiswa nekugovewa kwemari iyi, ndiani anoongorora kufambiswa kwemari iyi uye ndiani anovapa simba rekuti mari iyi yashandiswei sezvo kusati kwane kanzuru yemaguta makuru (Metropolitan Council)?'
- Pane mari yakapiwa iri pasi pehurongwa hwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu asi hapana anoziva kuti mari iyi yakashandiswei. Tinofanirwa kuziva kuti zvinhu zvakafambiswa sei uye tinofanirwa kuve nechekuita pese panenge pachirongwa kuti mari idzi dzichashandiswa sei. Vamwe vanhu vakange varipo vakati kunofanirwa kuongororwa mashandisirwo akaitwa mari idzi zvichiitwa nevanhu/mapoka akazvimirira ari mubasa rezvekuongorora mafambiro anenge akaita mari.

Pamusoro pazvo komiti yehurumende inoona nezvezvemitemo yeCabinet Committee on Legislation yakatendera zvakatarwa pamusoro pegwaro reProvincial Councils and Administration (Amendment) Bill iro rinobatanidza mutemo uyu nebumbiro remitemo uye muchitsanangurwa zvizere mamiriro ehwaro hwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu. Zvakadaro, kusvika parizvino gwaro iri harisati ratenderwa kuti richishanda. izvi zvinoita kuti paite sekunge pasina chido kubva kune vari mune

zvematongerwo enyika chekuzadzikiswa kwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunnhu. **Midlands State University** (MSU) ine chikamu chiri kuita tsvakirudzo pamusoro pehurongwa hwekupiwa kwesimba rekuzvitonga kumatunhu uho hurikuonekwa nevamwe senzira yehurumende yekupa mamwe emasimba ayo kumatunhu.[14] Vamwewo varikuti izvi hazvina hazvo maturo sezvo chingoriwo chikoro chiri kuita izvi kwete iyo hurumende.

Zvakadaro zvinotaridza hazvo kuti pane shuwiro kubva kune vezvematongerwo enyika yekuti kuzadzikiswe kuvepo kwekupiwa kwematunhu masimba ekuzvitonga uye zvakakosha kuti vanhu vanzwisise uye vavewo nechekuita muhurongwa uhu.

Kuongorora kufamba kunenge kuchiita hwaro hwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu

Mumienzansio yese iyi zvikurusei muZimbabwe, pane zvinhu zvina zvinosungirwa kushandiswa mukuongorora kuti kupiwa kwemasimba kumatunhu kunenge kuchifamba zvakanaka here kana kuti kwete. Zvinhu izvi ndezvinoti:

i. Kuitwa kwezvinhu nemazvo

Zvinhu zvave kuitwa nemazvo here nekuda kwekuti matunhu apiwa masimba ekuzvitonga?

ii. Nguva inotorwa kuitwa chinhu

Vanhu varikuwana rubatsiro nezvese

14. *https://www.newsday.co.zw/2019/08/msu-to-establish-devolution-institute/* accessed 14 March 2020

zvinodiwa mukurarama kwavo munguva yakakodzera here?

iii. Kujekeswa kwezvinhu

Pane kuitwa kwezvinhu kwakajeka here uye makanzuru nevese varikutungamira vanhu mumatunhu varikuburitsa pachena here maitiro avanenge vachiita zvinhu sezvatarwa mubumbiro remitemo?

iv. Kuenzaniswa kwezvinhu

Vanhu varikuwana rubatsiro zvakaenzerana uye zvakajeka here?

5. MIONO YEVEZIMRIGHTS

Tichiramba tichikurudzira nhaurwa pamusoro pekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu, tirikuona mikana mikuru mukuti kuve neshanduko huru mumaramiro evanhu. Miono gumi inotevera yakagamuchirwa neveZimRights kubva kuvanhu mudzinharaunda dzakasiyana siyana. Zvinoburitsa miono yenhengo dzedu mukuona kuzadzikiswa kwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu. Endai kusocial media yedu muone dzimwe dzenhaurwa dziriko.

i. Nhaurwa dzine munhu wese mukati

Zvidzidzo kubva kuUganda zvinotaridza kuti kuvepo kwechidokwa dokwa chekuti zvinhu zvifambe zvakanaka kuri kwega hakuna zvakunobatsira mukuvepo kwekupiwa zvakanaka kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu. ZimRights haikurudzire huvepo kwekuitwa kwezvinhu zvichibva kumusoro zvichiendeswa kuzvikamu zvepasi izvo zvinoita kuti pasave nekunzwikwa kwepfungwa dzevanhu mumatunhu. Kuitwa kwezvinhu zvese nehurumende kune matambudziko akaita sekusiiwa kwevamwe vanhu munyika, kusabatwa zvakanaka kwezviwanikwa zvenyika uye kushaiswa kwevanhu mukana wekuti vave neizwi muzvirongwa zvese zvinenge zviripo chinova chimiro chisingatarisirwe kana pave nekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu.

ii. Kuvepo kwezvekushandisa zvakakodzera

Kushaikwa kwemari nevashandi kwakakanganisa

kuzadzikiswa kwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga mumatunhu kuUganda nekuKenya. Makanzuru eko anogara asina mari yakakwana yekuti ashande nemazvo sezvinotarisirwa. ZimRights inokurudzira huvepo hwemashandiro emakanzuru hwekuti haamirire mari dzinobva kuhurumende asi kuti azvionere mukufambiswa kwemari dzawo.

iii. Kudyidzana kwemitemo

Kuti kupiwa kwemasimba kumatunhu kubudirire muZimbabwe, panofanirwa kuongororwa mitemo yese kuchionekwa iyo ichiri kupa masimba ese kuhurumende izvo zvinotadzisa makanzuru kushanda nemazvo akazvimiririra. Mitemo iyi inosanganisira we*Procurement Act newe Public Finance Management Act* pakati peimwe. Pazvinenge zvakakodzera kudzikwa kwemutemo unenge uchikurudzira kuzadzikiswa kwemumwe mutemo unenge uripo nechekare kunodikanwa mukusvika pakuzadzikisa kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu. Semuenzaniso kuKenya Commission on Revenue Allocation (CRA) yakaumbwa chinangwa chayo chiri chekuti ipe mazano pamusoro pekugovaniswa kwemari dzainge dzawanikwa munyika pakati pehurumende nematunhu uye izvi zvinogona kutevedzerwa muZimbabwe.

iv. Kudzidziswa kwevatungamiri

Takatarisa kuti izvi zvitsva muZimbabwe, nhengo

dzemakanzuru emaguta makuru nemapurovhinzi munyika dzinofanirwa kuwana dzidziso pamusoro pekuwaniswa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu. Chinhu chakakosha kuti vange vachinyatsonzwisisa zvizere nhau iyi. Dzidziso iyi inogona kutungamirwa nenyanzvi dzinenge dzabva kune dzimwe nyika dzitori nehurongwa hwekupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu nechekare. Nhaurwa dzeZimRights High Level Dialogues idzo dzinowanikwa paZimRights LIVE Facebook Page nepaYouTube Channel dzinobatsira zvakare mudzidziso idzi.

v. Kuitwa kwezvinhu zvakajeka

Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunofanirwa kuita kuti pave nekudyidzana nevanhu uye kuitwa kwezvinhu kwakajeka nekuti vanhu vane chekuita mukuitwa nekuzadzikiswa kwehurongwa uhu.

vi. Kugovaniswa kwehupfumi hwenyika nemazvo

Kupiwa kwemasimba kumatunhu ekuzvitonga kunofanirwa kuunza budiriro munzvimbo dzese kuburikidza nekugovewa kwezvekushandisa kwakaenzerana kuchiongororwa kuti pane kusaenzaniswa kuripo mukufambiswa kwehupfumi hwenyika uye izvi zvichida kugadziriswa.

vii. Kupedza huori

Kuitwa kwebasa nemazvo mumakanzuru hakusi kufamba zvakanaka nekuda kwehuori. ZimRights inotarisira kuti

vanhu vese vanenge vasarudzwa kutungamira mumapurovhinzi nemumaguta makuru munyika vange vari vanhu vanopupurirwa zvakanaka mukubata kwavo uye kuti matanho akakodzera atorwe pamusoro peavo vese vanenge vawanikwa vachiita huori.

viii. Hutungamiri hune munhu wese mukati

ZimRights ine muono wekuti kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunofanirwa kuona pachive nehutungamiri hune munhu wese mukati. Zvikamu zvine marudzi madiki mudzinharaunda zvinofanirwa kuvewo nezwi mukutungamirwa kwenyika nedzinharaunda dzavo. Zvikamu izvi zvinofanirwa kuwaniswa mukana wekuve nechekuita zvakanyanya mukuumbwa kwehwaro hwekutevedza zvikurusei mune izvo zvinobatabata kurarama kwavo kwezuva nezuva.

ix. Runyararo nekugadziriswa kwemakakatanwa

Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunofanirwa kuona kuvepo kwekugadziriswa kwemakakatanwa anogona kunge aripo pakati pemarudzi kana kuti mune zvematongerwo enyika. Kunofanirwa kuunza kubatana nekusimudzirana pane kuti pave nekukwikwidzana. Kunofanirwa kusimudzira kudyidzana kwemarudzi akasiyana munyika pamwechete nehukama hwevatungamiriri nevanhu. Kunofanirwa kusimudzira pfungwa dzekuti 'simba tiri pamwechete' kwete kuti 'simba pamusoro pevanhu'. Zvichireva kuti vatungamiri vanenge

vasisashandise chisimba pamusoro pevanhu asi kuti vanenge vakushandidzana nevanhu izvo zvinobvisa kuvengana pakati pehurumende nevanhu.

x. Kuenzaniswa mune zvehupfumi

Kupiwa kwemasimba ekuzvitonga kumatunhu kunofanirwa kuona pachive nekuenzaniswa kwevanhu vese muZimbabwe. Kunofanirwa kuona matunhu achibatsirika kubva muzviwanikwa zviri maari pamwechete nekusimudzira vanhu vakasariririra mudzinharaunda dzavo.

HARARE OFFICE
ZimRights House, Alverston Court
90 S. V. Muzenda Street
P.O. Box 3951, Harare
Tel: +263 242 707278/ 705898
Email: info@zimrights.org.zw

BULAWAYO OFFICE
4 ESAT House, Fort Street
Between 12th & 13th Avenue,
Bulawayo
Tel: +263 292 61826/ 63721
Email: bulawayo@zimrights.org.zw

MASVINGO OFFICE
ZIMRE Centre
Cnr Hughes/ S. Mazorodze
2nd Floor, East Wing, Masvingo
Tel: +263 392 266224/ 0772 318 047
Email: masvingo@zimrights.org.zw
www.zimrights.org.zw